ÈSKE OU PANSE PITIT OU GEN LAWOUJÒL?

Kisa pou fè si ou panse pitit ou gen maladi lawoujòl

Nòmalman maladi lawoujòl kòmanse avèk lafyèv, touse, nen koule, epi zye wouj ki bay yon eripsyon bouton grate sou po. Si yon moun nan fanmi ou gen sentòm lawoujòl:

Separe moun lan avèk rès fanmi an si yo pa malad.

Se pou tout moun nan kay lan rete anndan kay pou evite kontamine vwazen oswa moun ki pa nan kay lan.

Telefone yon doktè oswa yon lopital touswit pou fè yo konnen gen yon moun nan kay ou ki malad avèk lawoujòl. Yo pral ba ou enstriksyon pou sa ki pou fèt.



Kilè pou moun ale nan sal dijans?

Si moun ki malad lan vin pi mal rapidman oubyen si li gen nenpòt nan sentòm ki make anba yo mennen li touswit nan sal dijans yon lopital.

PA PÈDI TAN.

Difikilte pou respire
(oubyen respirasyon pi rapid pase sa li abitye)

Doulè lè li respire oswa touse

Dezidratasyon
(nen epi bouch ki sèch, mwens volim irin, kriye san dlo pa sot nan zye li)

Lafyèv oswa maltèt ki pa pase

Konfizyon, manke vijilans, oswa gwo feblès

Koulè ble otou bouch li, manke enèji, oswa difikilte pou manje
(pou timoun piti)

Fè yon moun telefone avan ou rive. Fè lopital lan konnen gen yon moun ki gen lawoujòl kap vini.